

KONSÈY POU AMELYORE PREZANS

Pou Moun ki ap Pran Swen Timoun

- Fè edikasyon pitit ou tounen yon priyorite famiyal.
- Asire pitit ou repoze byen chak swa.
- Tcheke pou w asire pitit ou fini tout devwa yo bal fè.
- Pa dòlote pitit ou nan ankouraje oubyen andose absans ki pa ekskize.
- Tounen yon defansè pou pitit ou.
- Si pitit ou refize al lekòl, pa ezite mande konseye oubyen travayè sosyal lekòl la èd.

Pou Biznis ak Manm Kominote a

- Rapòte elèv ou sispèk ki ap fè woul – W ap ede timoun yo fè siksè.
- Yon minè dwe anba swen ak kontwòl yon paran/gadyen oubyen ofisyèl lekòl pandan lè lekòl.
- Chèche konnen ofisyè polis lekòl katye w la pou w ka mande asistans si sa nesesè.

An Patenarya Avèk

- ◇ Lekòl Leta Miami-Dade County
 - Fonksyonman Lekòl
 - Divizyon Sèvis Elèv
 - Biwo Konfòmite Federal ak Eta
 - Biwo Angajman Kominotè
 - Asosyasyon Paran/Pwofesè
 - Lekòl Segondè South Dade (pou mesaj sèvis piblik yo)
- ◇ Depatman Sèvis Jivenil Miami-Dade County
 - ◇ "The Miami Bridge Youth and Family Services, Inc." (Sèvis Miami 'Bridge' pou Jèn ak Fanmi)
 - ◇ "Center for Family and Child Enrichment, Inc" (Sant Anrichisman pou Fanmi ak Timoun.

Depatman Polis Lekòl Miami-Dade



6100 NW 2nd Avenue
Miami, FL 33127
Phone: 305-995-COPS
www.mdspolice.com

DEPATMAN POLIS LEKÒL MIAMI-DADE


"Pran Angajman pou Ekselans Atravè Sèvis"

PREVANSYON KONT WOUL

Chak Timoun Gen Pouvwa



Pou Chanje Mond Lan



DEFINISYON FÈ WOUL

"Florida State Statute (FSS)" (Lwa Eta Florid) 984.03 (27) (a) defini yon "abitid fè woul" kòm yon timoun ki gen "15 oubyen plis absans ki pa ekskize nan yon peryòd 90 jou kalandriye avèk oubyen san konesans oubyen konsantman jistifye paran oubyen gadyen legal timoun nan, e ki gen pou wè ak prezans obligatwa lekòl."



"Si w ap mache nan bon direksyon an e ou vle kontinye mache, evantyèlman w ap fè pwogrè."

Prezidan Barack Obama

EFÈ FÈ WOUL

Fè woul se yon gwo enkyetid ki ap ogmante kay tout moun nan kominote a. "The Office for Juvenile Justice and Delinquency Prevention (OJJDP)" (Biwo pou Jistis Jivenil ak Prevansyon Delenkans) idantifye yon koneksyon ant fè woul ak fòm delenkans grav, tankou kraze brize, vòl, abi sibstans, vòl otomobil, ak aktivite gang. Rechèch la montre tou adilt ki te gen abitud fè woul lè yo te jèn "gen tandans demontre ladrès sosyal deplorab, gen travay ki pi pa byen peye, gen plis chans pou depann sou sipò "welfare" (byennèt sosyal), e gen plis chans pou ale nan prizon." "The National Center for School Engagement (NCSE)" (Sant Nasyonal pou Angajman Lekòl) fè konnen gen rezilta rechèch ki endike fè woul se youn nan siy avètisman bonè ki endike elèv la pran wout pou echèk akademik atravè sispansyon, ekspilasyon, oubyen kite lekòl anvanlè.

Abitib ak konpòtman ki kontribye ak absans kwonik kòmanse bonè. Daprè estatistik M-DCPS pou ane lekòl 2010-11 la, mwayèn prezans elèv lekòl nan lekòl elemantè te 96%; Sepandan, "Apeprè 6,600 timoun lekòl elemantè absan kwonikman, yo manke plis pase 11% nan jou lekòl (plis pase 20 jou), avèk yon lòt 6,500 timoun ki gen risk pou absans kwonik reprezante ansanm plis pase 11% timoun nan tout lekòl elemantè."

APRANN LI ANVAN 3^{YÈM} ANE ESKOLÈ!

Plizyè milyon timoun Ameriken rive nan 4yèm ane eskolè san yo pa aprann li kòrèkteman, patikilyèman pami timoun nan fanmi ki pa gen gwo mwayen. Jiska 3yèm ane eskolè, konpreyansyon lekti melanje ak idantifikasyon foto ak siyal vèbal. Akòz nati kourikoulòm 4yèm ane eskolè, yo atann pou elèv yo fè pwosesis materyèl lekti sa yo san siyal adisyonèl. Se pou sa lekti nan nivo 3yèm ane eskolè esansyèl anvan yo kòmanse 4yèm ane eskolè.

**Pou Rapòte
Woul
Rele
305-995-
COPS
(2677)**